



Pou Piblikasyon Imedya: 22/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ LWA POU PWOTEJE DWA REPWODIKTIF FANM YO

Li Akonpli Pwomès Li Te Fè pou Siyen Lwa sou Sante Repwodiktif la - Ki se Pati Santral nan Kalandriye Jistis 2019 la - Nan 30 Premye Jou Nouvèl Sesyon Lejislatif lan

Lwa sou Sante Repwodiktif la Ap Asire Ke Moun New York yo Ka Pran Desizyon sou Swen Sante Pèsonèl yo Epi Ke Yo Ka Bay Sèvis Krisyal yo San Yo Pa Pè Sibi Sanksyon Kriminèl

Li Kodifye Roe v. Wade pou vin Lwa Eta a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te akonpli jodi a pwomès li te fè pou siyen Lwa sou Sante Repwodiktif la (Reproductive Health Act, RHA) pou vin lwa, ki se yon eleman kle nan Kalandriye Jistis 2019 la, nan 30 premye jou nouvèl sesyon lejislatif lan. Lwa sou Sante Repwodiktif la pwoteje dwa repwodiktif fanm yo lè li asire moun New York yo ka pran desizyon sou swen sante pèsonèl yo epi pwofesyonèl medikal yo ka ofri sèvis esansyèl yo san yo pa pè sibi sanksyon kriminèl. Pwojè Lwa a ap kodifye *Roe v. Wade* pou vin lwa Eta New York.

“Fas a tantativ gouvènman federal la pou li anile *Roe v. Wade* ak dwa repwodiktif fanm yo, mwen te pwomèt ke nou ta pral adopte pwojè lwa krisyal sa a nan 30 premye jou nan nouvèl sesyon an - epi nou fè li”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Jodi a nou ap fè yon pa annavan jeyan nan gwo batay pou asire dwa yon fanm genyen pou pran pwòp desizyon li sou pwòp swen pèsonèl li, ki enkli kapasite pou aksede a yon avòtman. Ak siyati dokiman lwa sa a, nou ap voye yon mesaj klè pou di ke kèlkeswa sa ki pase nan Washington, fanm ki nan New York yo pral toujou gen dwa fondamantal pou yo kontwole pwòp kò yo.”

“Antan ke gadyen flanbo pou dwa fanm yo ke yo te limen pou premye fwa nan Eta New York an 1848, nou gen yon responsabilite moral pou nou kontinye ak batay sa a jodi a”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Gras a yon eleksyon ki te wè kantite rekò nan fanm ki eli yo nan gouvènman an, mwen te prezide Sena Eta a epi nou te finalman adopte Lwa sou Sante Repwodiktif la pou pwoteje dwa fanm yo atravè gwo eta nou an. Nou ap aji jodi a nan kad anivèsè desizyon *Roe v. Wade* revolisyonè a epi nou rekonèt menas ke nou ap fè fas a yo anba yon Tribinal Siprèm ki detèmine pou retire pwoteksyon ki te an plas yo pandan plis pase kat dekad. Jodi a se yon jou istorik pou fanm yo ki nan New York, epi mwen fyè dèske nou te travay chak jou pou asire egalite ak sekirite total pou fanm yo.”

Lwa sou Sante Repwodiktif la ap amande lwa sou sante piblik lan, nan dekriminilaze aksè ke fanm yo genyen a avòtman epi pwoteje doktè yo ki reyalize yo.

Fas a atak Washington ap fè sou dwa fanm yo, ki gen ladan aksè a tout opsyon swen sante ki genyen yo epi garanti kouvèti asirans pou mezi kontrasepsyon ijans ak lòt medikaman kontrasepsyon yo, Gouvènè a te pran mezi alankont anilasyon gouvènman federal la ap fè yo. An Jiyè 2018 la, Gouvènè a te siyen yon [Dekrè Egzekitif](#) (Executive Order) ki te bay Depatman Sèvis Finansye a (Department of Financial Services) ak Depatman Sante a (Department of Health) lòd pou yo administre [règleman](#) k ap egzije konpayi asirans yo pou yo ofri garanti kontrasepsyon ijans san preskripsyon, tout lòt medikaman, aparèy oswa lòt pwodwi kontraseptif pou fanm yo, epi pou yo ofri 12 mwa mezi kontrasepsyon alafwa, tout san yo pa peye ko-asirans, ko-peman oswa franchiz.

Lidè Minorite Sena a Andrea Stewart-Cousins te deklare, “New York anvan sa te pran devan sou chwa ak dwa fanm yo. Malerezman pandan plizyè ane, baryè kont dwa fanm yo te kanpe byen wo, epi eta nou an te pase dèyè. Jodi a, nou ap kraze baryè sa yo epi nou ap pran devan yon lòt fwa ankò. Mwen felisite Gouvènè Cuomo, kòlèg mwen Pòt Pawòl Heastie, ak alafwa sipòtè dokiman lwa yo Senatè Liz Krueger ak Manm Asanble a Deborah Glick poutèt yo pran mezi istorik epi ap fè Eta New York pran devan nan batay pou dwa fanm yo. Se moman pou New York sèvi yon lòt fwa ankò kòm bastyon pwogresis pou nasyon an”.

Senatè Liz Krueger te deklare, “Desizyon sou si wi ou non pou yon moun fè yon avòtman li pwofondeman pèsònèl. Li enplike yon pwa konplike pou sikonstans inik yon fanm, nesosite medikal li yo, moralite prive li, ak pwòp kò li. Se poutèt sa se yon desizyon ke yon fanm dwe pran ansanm ak founisè swen sante li sèlman - se pa gouvènman an ki pou fè sa. Lwa sou avòtman nou yo, ki te revolisyone anvan, yo kounye a date de prèske senkant ane. Yo pa reponn a estanda ki etabli pa Roe v. Wade yo, epi yo pa reflekte pratik medikal modèn yo. Nou pa pral janm konnen konbyen fanm New York te soufri e menm te mouri akòz lwa demode nou genyen yo ki te anpeche yo resevwa swen ke yo te dezespereman bezwen. Jodi a nou tounen paj la. Lè li adopte RHA a, New York pral yon lòt fwa ankò dirije nasyon an sou swen sante repwodiktif fanm yo, epi ede asire ke tout moun New York yo gen libète ak opòtinite ke yo genyen pou pran pwòp desizyon yo sou sante yo ak fanmi yo”.

Pòtpawòl Asanble a Carl Heastie te di, “Pandan ke administrasyon nan Washington lan ap kontinye ak atak li yo sou dwa repwodiktif fanm yo, Majorite Asanble a rete dedike a batay pou fanm yo gen dwa chwazi. Dokiman lwa ke nou te adopte yo ap asire ke moun New York yo ka kontwole desizyon planifikasyon familyal yo, posede aksè a swen sante repwodiktif ke yo bezwen epi pa pral sibi diskriminasyon akòz chwa yo fè yo. Ansanm ak patnè nou yo nan Sena a nou te finalman wè pwojè lwa sa a adopte nan toulède chanm yo epi nou te siyen li pou vin tounen lwa nan kad anivèsè desizyon Roe v. Wade istorik lan”.

Manm Asanble Deborah J. Glick te deklare, “Fanm New York yo merite yo respekte desizyon yo pran sou swen sante pwòp tèt yo. Fanm yo, an konsiltasyon ak pwofesyonèl swen sante yo, pa ak palmantè yo, ta dwe pran desizyon ki ap afekte pwòp sante yo san entèferans. Apre plizyè ane batay pou adopsyon pwoteksyon esansyèl sa a pou fanm yo, moman nou rive finalman. Asanble Eta New York lan te kenbe flanbo a limen pandan plizyè ane, epi nou ekstrèmman antouzyas pou nou kapab pase flanbo a bay yon Sena ki dedike a respè fanm yo ak pwoteksyon dwa bazik yo pou

ka pran desizyon sou swen sante yo. Mwen rekonesan pou sipò Gouvènè a ak foug li genyen pou siyen dokiman lwa sa a finalman”.

Gloria Steinem te deklare, “Pouvwa yon fanm genyen pou deside si wi ou non li pral akouche ou pa se sèl pi gwo detèminan sou si wi ou non li an sante ou pa, edike ou pa, ap travay deyò kay li ou pa, ak konbyen tan ke li pral viv. Patriyak ak rasis te retire pouvwa sa a, pafwa ki degize kòm relijyon, epoutan li se dwa demokratik ki pi bazik nou. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Cuomo ak Kò Lejislatif Eta New York lan poutèt yo adopte Lwa sou Sante Repwodiktif lan. Li pral kodifye Roe v. Wade pou vin Lwa Eta New York, ki ap garanti dwa fanm yo genyen pou yo pran desizyon sou pwòp kò nou, epi ede kreye yon avni kote chak timoun gen dwa pou yo fèt, jwenn lanmou, epi kote yo vle yo”.

Andrea Miller, Prezidan Fon Aksyon nan National Institute for Reproductive Health, te deklare, “Gouvènè Cuomo te defann san pran souf pou fanm yo gen aksè a bon jan kalite swen sante repwodiktif, espesyalman fas a atak ostil Prezidan an, Kongrè Ameriken an ak Tribinal Siprèm lan. Jodi a, nan siyen RHA, CCCA, ak Dokiman Lwa Boss lan (Boss Bill), li te simante wòl New York jwe antan ke bastyon pwogresis ki priyore aksè a swen pou avòtman ak kontrasepsyon”.

Robin Chappelle Golston, ki se Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral pou Planned Parenthood Empire State Acts, te deklare, “Nou la jodi a paske nou te mande dwa pou nou kontwòle pwòp kò nou ak kapasite pou nou aksede a swen sante repwodiktif ke nou bezwen. Moun New York yo konnen ke pèsòn pa ta dwe janm gen pouvwa pou fè lè nan mont yo fè bak sou swen sante oswa retire dwa nou yo. Ansanm defansè ak avoka lejislatif nou yo te travay pou garanti libète ak dwa repwodiktif nou yo. Nou remèsye Pòt Pawòl Asanble a Carl E. Heastie, Lidèchip Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins ansanm ak Gouvènè Andrew Cuomo poutèt visyon ak angajman li pran nan garanti dwa repwodiktif nou yo”.

Direktris Egzekitif NYCLU an Donna Lieberman te deklare, “Jodi a Eta New York te fè yon vòt istorik pou pwoteje dwa ak otonomi fanm yo. Lwa sou Sante Repwodiktif lan ap rekonèt swen sante repwodiktif kòm yon dwa fondamantal. Li retire avòtman nan kò kriminel lan epi mete li kote sante fanm yo apateni -- nan lwa sante piblik lan. Li rekonèt seri pwofesyonèl medikal ke fanm yo ka konsilte, sa ki ap elaji aksè a swen prekos yo. Ansanm ak Lwa sou Kouvèti Kontrasepsyon Global lan (Comprehensive Contraception Coverage Act, CCCA), pwojè lwa sa a pral ranfòse kapasite yon fanm genyen pou deside sou sa ki bon pou lavi li, kò li, ak fanmi li. Pandan ke atak sou dwa repwodiktif yo ap ogmante toupatou nan peyi a, ki ankoure pa efò administrasyon Trump lan ap fè yo pou mete tribinal yo kont fanm yo, mizajou lwa sou avòtman nan New York lan pou pwoteje dwa ki garanti pa Roe v. Wade lan plis ke krisyal ke jamè. Pandan ke toujou rete plis travay pou nou fè pou asire ke New York ka yon refij ki sekirize pou fanm ki toupatou nan peyi a, jodi a se yon jou pou selebrasyon ke nou te dwe fè depi lontan”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)